2026 18 19 20

Хэхыныгъэхэр
2-нэ нап.

«Махуэку»
3-нэ нап.

Шэрэдж Іуфэ усэ къыщоджэ
4-нэ нап.

Бжыгъэшхуэщ псоми къарикІуар
4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

№103 (25.009) • 2026 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 27, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэхэм къызэритамкІэ



Налшыкыпсым тралъхьэну я мурадщ лъэмыжыщІэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ хуэзащ республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Дыщэкі Аслъэнрэ Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Ащхъуэт Азэмэтджэрийрэ. Къулыкъущ Іэхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгу хозяйствэм етІанэгъэ зэрызиужьыну щІыкІэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ зэрыщыжаІамкІэ, зэрыщытын хуей мардэм хуагъэкІуэнущ илъэс къакІуэм зэлэжьыну объект 113-р: гъуэгуу километри 100-м щІигъурэ абыхэм къепха ухуэныгъэу метр 280-м щІигъумрэ.

Налшык къалэр ящыщщ апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ щкІуэкІыну жылэхэм. Проектхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, КІыщокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым, Таманскэ дивизэм и цІэр зезыхьэмрэ Щоджэнцыкіум и цІэр зезыхьэмрэ я зэхуакур къызэщІиубыдэрэ Налшыкыпсым телъ лъэмыжри хыхьэу, метр 600-м нэс зи кІыхьагъ гъуэгу зыхуей хуагъэзэнущ. Іэмалхэр къалъыхъуэнущ машинипІІ щызэблэкІыф лъэмыжышхуэ псым тралъхьэн папщІэ. Абдеж пщэдджыжьыпэ, пщыхьэщхьэхуегъэзэкІ зэманхэм машинэ куэд щызэтрехьэри, зэблэмыкІыфу щызэхэтщ. Лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыхукІэ, автомашинэхэр пІалъэкІэ зрикІуэн гъуэгурэ лъэмыжрэ яухуэнущ.

Псори зэхэту къапщтэмэ, илъэс къакІуэм къриубыдэу къалащхьэм и гъуэгухэм ящыщу километр 38-рэ зэрагъэпэщыжынущ. Ахэр яхуозэ Горнэ, къалащхьэм и курыкупсэ, Стрелкэ, Богданкэ, Александровкэ хьэблэхэм щыІэхэм, нэгъуэщІхэми. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекІуэкІынущ Винницкэ, Кавказ, Ипщэ, Майм и 9-м, Грузинскэ, Шэджэм, Интернационалнэ, Уэрамдыхьэ цІыкІу, Ухуакіуэ, Транспортнэ, Балъкъ, Ленинград, Пролетарскэ, Нартан, Урысей, Псыуфэ, 1-нэ, 2-нэ, 3-нэ линиехэм, 11-нэ фочауэ дивизэм, Комсомол уэрамхэм, Къэрэшейм, Яхэгуауэм, Матросовым, Гастеллэ, Ведяйкиным, Крупскэм, Черняховскэм, Орджоникидзе, Мечиевым, Чкаловым, Мечниковым, Шыкуэм, Борыкъуейм, Черкасскэм, Шевцовым, Гикалэ, Щаденкэ, Пугачевым, Разиным, Фэнзийм, Уммаевым, Трошевым, Беслъэнейм, Луговым, Поповым, Къанкъуэщым, Репиным, Рыбалкэ, Островскэм, Къущхьэ зэкъуэшхэм, Киримовым, Циолковскэм, Чернышевскэм, Шортэным, Пушкиным, ХьэтІохъущокъуэм я цІэхэр зезыхьэхэм.

Гъуэгу-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щызэфІахынущ Іэдииху, Белэ Речкэ, Хьэсэней жылэхэми. Къалащхьэм и псэупІэ унэхэм я пщІантІэхэми лэжьыгъэ хэха ирахьэлІэнущ.

ДызылъэІэсыпхъэхэр къыдохъулІэ

Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ советым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Абы къыщапщытэжащ иужьрей мази 7-м яхуэзэфІэкІар.

«ЛЪЭПКЪ проект 12-рэ щІыналъэм ейуэ 43-рэ зэфІыдох нобэкІэ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Абыхэм ятекІуэдэнущ сом мелард 14,6-рэ: сом мелард 11,6-р къэрал мылъкум къыхокІ, адрейр республикэм и бюджетым. Ар 2025 гъэм елъытауэ, процент 35,6-кІэ нэхъыбэщ.

Президент Путин Владимирщ лъэпкъ проект псори къыхэзылъхьар, дэтхэнэ зыри цІыхухэм я псэукІэр иригъэфІэкІуэным хуэунэтІащ. ДызылъэІэсыпхъэхэм я зэхуэдитІыр къыдэхъулІащ. ЩІыналъэм лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ, мыхьэнэ нэхъ зиІэхэм я гугъу сщІынщ.

«Унагъуэ» лъэпкъ проектымрэ «Унагъуэм зыщІэгъэкъуэн» щІыналъэ проектымкІэ сабий Іыгъыпіи 3 доухуэ, 6-р зыхуей худогъаз.

«Бын куэд зэрыс унагъуэ», «Нэхъыжьхэр» проектхэмкІэ унагъуэ 17362-м, сабий 11132-м дадэІэпыкъуащ. Зэпыу имыІэу, зи ныбжь хэкІуэта цІыху 274-м зыщІагъакъуэ.

«Анэмрэ сабиймрэ хъумэн» щІыналъэ проектым ипкъ иткІэ, Прималкинскэ жылэмрэ Зеикъуэ къуажэмрэ цІыхубзхэм я узыншагъэм щыкІэлъыплъыну медицинэ Іуэхущ Іапіэ щаухуэ, Перинатальнэ центрым Іэмэпсымэщ Іэхэр кърашэлІащ.

«ЦІыхухэр япэу зэкІуалІэ медицинэ Іуэхущ Іапіэхэр къэгъэщІэрэщІэжьи» щІыналъэ проектымкІэ объекти 6 доухуэ, апхуэдизэ дыдэ зэІуэзэпэщ дощІ. Налшык дэт къалэ поликлиникэ №1-м сымаджэхэм я узыншагъэр щызэфІагъэувэжкІэ къагъэщхьэпэ Іэмэпсымэхэр къищэхуащ, Прохладнэм и сымаджэщ нэхъыщхьэм узыр къызэрыхута Іэмэпсымэщ Іэхэр къалэрыхьащ.

А псори зыхуэунэтІар цІыхубэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэнымрэ щІэблэщІэ къыхтэхъуэм я бжыгъэм хэгъэхъуэнымрэщ – аращ «Урысей зэкъуэт» партым и Лъэпкъ программэм зыхуигъэувыж къалэн нэхъыщхьэр.

«ГъащІэм хуэщІа инфраструктурэ» лъэпкъ проектымкІэ Налшык щыІэ «Головной» псы къыщІэшыпІэмрэ псыр щагъэкъабзэ станцымрэ зэІуэзэпэщ ящІ. Псыр унэхэм езышалІэкъыщІэзыш объект 19-м йолэжь, абыхэм ящыщу 12-р мы гъэм яутІыпщынущ.

«ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ», «ФІы псори – цІыкІухэм папщІэ», «Гъэсакіуэхэмрэ ущиякІуэхэмрэ», «Іэщ Іагъэ» проектхэм епхауэ лэжьыгъэшхуэ йокІуэкІ, егъэджэныгъэм пыщІа ухуэныгъэхэр зэманым декІуу щІыным ехьэлІауэ. Фокіадэм и 1-м ирихьэлІэу школ 14 зыхуей хуэзауэ дутІыпщыну ди мурадщ».

Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ щыпсэухэм я къэралыгъуэм и щхьэхуитыныгъэмкІэ КъБР-м и Іэтащхьэр зэрехъуэхъур

Ди къуэш лъэпкъхэр щыпсэу Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ дыгъуасэ щагъэлъэпІащ тхыдэ мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэщІыр – илъэс 18 ипэкІэ Урысейм къилъытащ ахэр республикэ щхьэхуиту зэрыщытыр. Апхуэдэ щІыкІэкІэ Урысейм диІыгъащ ахэр зи щхьэ хущытыж къэралыгъуэу щыІэнымкІэ яІэ хуитыныгъэр.

Абхъазми Осетие Ипщэми я къэралыгъуэр зэфІэувэным, абы и лъабжьэр гъэбыдэным и гъуэгуанэ гугъур къызэранэкІащ, я нэхъыжьхэм къыхуагъэна щэнхабзэр, хабзэр, щІэиныр, лъэпкъыу зэрыщытыр хъумэныр яхуэзэфІэкІащ.

Нобэ республикитІри ипэкІэ мэкІуатэ, экономикэ, социальнэ унэтІыныгъэхэм ехъулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьэ, къэкІуэным фІыкІэ хуоплъэ. Ахэр Урысей Федерацэм стратегие и лъэныкъуэкІэ зэры_дэлажьэр нэхъ быдэ мэхъу, абы мыхьэнэшхуэ иІэщ къыдэкІуэтей щІэблэм я къэкІуэнур шынагъуэншэу, щІэращІэу щытынымкІэ.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ гъунэгъуфІ, благъагъэ зэхущытыкІэхэр, экономикэ, социальнэ-щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр яхуиІащ.

Си гумрэ си псэмрэ къабгъэдэкІыу Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ щыпсэу лъэпкъхэм сохъуэхъу зэпІэзэрытыныгъэрэ зыужьыныгъэрэ, мамырыгъэ яІэну, ефІэкІуэну.

Шэрэджэсхэм я нобэрей щытыкІэмрэ зэрызаужьымрэ

КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ Шэрэдж районым икІи зригъэлъэгъуащ Старэ Шэрэдж - Жэмтхьэлэ - Сукан-Суу автомобиль гъуэгур. Ар 2021 гъэ лъандэрэ пакІэ-пакІэурэ зыхуей хуагъэзэж.

ИДЖЫБЛАГЪЭ зэрагъэпэщыжащ гъуэгум и зы Іыхьэ, километри 5,2-рэ и кІыхьагъыу - Р-217 «Кавказ» трассэм къыщыщІэдзауэ Старэ Шэрэдж къуажэм кІуэцІрыкІыу Псыгуэнсу нэсу. Абы ипкъ иткІэ, а къуажэхэм дэсхэм я дежкІэ гъуэгум ущызекІуэныр нэхъ тынш икІи шынагъуэншэ хуащ.

Нэхъапэкіэ зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкІуэкІащ икІи уэздыгъэр щыфІадзащ Жэмтхьэлэ Ипщэ, Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ къуажэхэм я гъуэгухэм. Зэрэгъыж къуажэм и гъуэгум телъ асфальтыр къагъэщІэрэщІэжащ, лъэс лъагъуэхэр ящІащ, уэздыгъэхэр фІадзащ. Нэгъабэ Зэрэгъыжрэ Псыгуэнсурэ я зэхуакум дэлъ, километри 6 хъу гъуэгу Іыхьэр зэрагъэпэщыжащ. Псыгуэнсу къуажэми уэрам-гъуэгу лэжьыгъэр щрагъэкІуэкІащ. Къапщтэмэ, автомобиль гъуэгур зэрыщыту зэпэщ ящІыжащ, абы мыхьэнэшхуэ иІэщ къуажэ зыбжанэ зэрызэпищІэм къыхэкІыу.

Мы гъэм хьэзыр ящІа гъуэгу Іыхьэм лэжьыгъэшхуэ щызэфІагъэкІащ: лъабжьэщІэ ягъэтІылъащ, асфальт-бетоныр къатитІу тралъхьащ, лъэмыжыр зэрагъэпэщыжащ. Къуажэм и гъунапкъэхэм иджы лъэс зекІуапІэхэр яІэщ, гъуэгу дамыгъэхэр къагъэщІэрэщІэжащ - ущызекІуэныр куэдкІэ нэхъ шынагъуэншэ хъуащ.

«Ауэ абыкІи лэжьыгъэр зэфІэкІакъым. Мы гъэм уэрам уэздыгъэкІэ къызэдгъэпэщынущ гъуэгум и кІыхьагъкІэ щыс жылагъуэ псори, Псыгуэнсури яхэту. Старэ Шэрэдж къыщыщІэдзауэ Сукан-Суу нэс гъуэгуанэр зэрыщыту иджырей мардэхэм хуэкІуэу щытынущ. Гъуэгу ухуэныгъэм зегъэужьыным иджы бгъэдыхьэкІэщІэ худиІэщ: километр щхьэхуэхэр зэдгъэпэщыжыркъым, атІэ зэкІэлъыкІуэу транспорт унэтІыныгъэ псор къыдогъэщІэрэщІэж. Абы Іэмал къыдет Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм фІагъ зиІэ, ущызекІуэну тыншу, шынагъуэншэу щыт гъуэгухэр къызэдгъэпэщыну»,- жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Республикэм и Іэтащхьэм зыщигъэгъуэзащ Зэрэгъыж къуажэм щаухуэ спорт пэшыр здынэсам. Урысей Федерацэм Физическэ культурэмрэ спортымрэ зегъэужьын и къэрал программэмкІэ ящІ ар, ухуэныгъэр мы гъэм ирагъэжьащ. Мы зэманым ирихьэлІэу унэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ, лэжьыгъэр зыпагъэуакъым, зэраубзыхуам тету йокІуэкІ.

Адэкіэ КІуэкІуэ Казбек щыІащ Къэщкъэтау къуажэм. Мыбы зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкІуэкІ Кадыровым, Чеченовым, Шэрджэсым я цІэхэр зезыхьэ, Октябрь уэрамхэм. Иджыпсту а уэрамхэм я гъуэгухэм асфальтбетон лъабжьэр щагъэтІылъ. ЩІыналъэм щрагъэкІуэкІ Іуэхум текІуэдэну мылъкур республикэ бюджетым къыхэкІащ.

Машинэхэр щызекІуэ гъуэгум и закъуэкъым къагъэщІэрэщІэжыр. Уэрамхэм щащІынущ уэшхыпсыр зрижну кІэнауэ цІыкІухэр, лъэс лъагъуэхэр, бордюрхэр ягъэувынущ, уэздыгъэхэр щыфІадзэнущ.

Нэхъапэкіэ республикэ бюджетым къыхэкІ мылъкумкІэ зэрагъэпэщыжащ километри 3,2-рэ хъу, Уянаевым и цІэр зезыхьэ уэрамыр. Къэщкъэтау щрагъэкІуэкІ гъуэгу ухэныгъэхэм адэкІи къыпащэнущ.

Республикэм и Іэтащхьэм Джэрпэджэж къуажэм щызригъэлъэгъуащ зэгъэпэщыжыныгъэхэр и кІэм щынагъэс школыр. Абы и унэр илъэс 40 ипэкІэ яухуауэ щытащ, куэд щІауэ къэгъэщІэрэщІэжын хуейт. Еджапіэм и унащхьэр, инженер коммуникацэхэр, бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ, лъэгур зэрахъуэкІащ. Абы и пщэфІапІэри иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрагъэпэщащ. Іуэхущ Іапіэр тІысыпІи 160-м тещІыхьащ. Егъэджакіуэхэми сабийхэми я тыншыпІэм хуэщІауэ псори къызэрагъэпэщ. Школым и бжэхэр къызэІуихыжынущ гъэ еджэгъуэщІэм и япэ махуэм.

Адэкіэ КІуэкІуэ Казбек зригъэлъэгъуащ Хеу псым лъэмыжыщІэ зэрытралъхьэр. Нэхъапэкіэ телъар ятІэпсым зэтрикъутат, абы къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм и Іыхьитіыр зэпищІэрт. Лъэмыжыщ Іэр яухуэхукІэ къуажэдэсхэм къагъэсэбэп пІалъэкІэ тралъхьа зэпрыкІыпІэр. Метр 20 зи кІыхьагъ ухуэныгъэщІэр мардэщІэхэм тету ящІ икІи быдэу щытынущ. Апхуэдэу псы Іуфэхэр ягъэбыдэнущ, псыр къиумэ къыщхьэдэмыуэхын папщІэ. Ухуэныгъэм текІуэдэну мылъкур щІыналъэм и гъуэгу фондым къыхэкІащ. Лъэмыжыр мы илъэсым къызэІуахыжыну я мурадщ.

Нэхъапэкіэ мы къуажэм и Холамская уэрамри зэрагъэпэщыжащ. Псори зэхэту мы илъэсым километри 3 зи кІыхьагъ гъуэгу зыхуей хуагъэзэнущ.

А махуэ дыдэм КІуэкІуэ Казбек яІущІащ Шэрэдж районым и активым. ЩІыналъэм и нобэрей щытыкІэмрэ зэрызиужьынумрэ абы щытепсэлъыхьащ.

● Егъэджэныгъэ

Зыщыгугъхэр мащІэкъым

Къэрал гъэунэхуныгъэхэр щызэфІэкІари, щІэтІысхьэгъуэм пыщІа Іуэхугъуэхэр къыщрахьэлІари дыгъуасэ хуэдэщ – гъэмахуэр кІуащ, гъэ еджэгъуэщІэми щІэрыщІэу зыхуагъэхьэзырыжу хуежьащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, егъэджэныгъэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр блэкІа илъэсым ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм хоплъэж, зыхунэсахэр къызэщІакъуэж, къалэныщІэхэр ягъэув. ЗэІущІэхэр щІыпІэхэм щрагъэкІуэкІ, къыщыхалъхьа гупсысэхэр зэрагъэуІури, хэгъэгупсо мыхьэнэ зиІэ щыщхьэуІу зэхуэсым и пащхьэм зэрыралъхьэнум хуэдэу ягъэхьэзыр.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ Іэнатіэм пэрытхэм я щІыпІэ зэхыхьэхэр Налшык къалэм дэт курыт еджапІэ №33-м иджыблагъэ щекІуэкІа зэІущІэмкІэ ирагъэжьащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ Іэнатіэм и пащхьэ илъ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр: къэралпсо мурадхэм къыщежьэу щІыналъэхэм я ехъулІэныгъэм хуэкІуэжу» – а псалъэхэращ дызытехьэ гъэ еджэгъуэщІэм купщІэ хуэхъунур, абы къызэщІиубыдэну Іуэхугъуэхэрщ гулъытэ хэха зыгъуэтынур. Абы икъ иткІэ зэхуэсым и лэжьыгъэр гъэсэныгъэм пыщІа хуэІухуэщІэхэр курыт еджапІэхэм къызэрыщызэрагъэпэщынум траухуащ. «Гъэсэныгъэр егъэджэныгъэм щыщ Іуэхугъуэу зэрыщытыр» зи фІэщыгъэ зэІущІэм къызэхуэсахэм я пащхьэ жэрдэм зыбжанэ кърилъхьащ, еджэгъуэщІэм нэхъ зытрагъэщІэн хуей Іуэхугъуэхэр къызэщІиубыдэу, гулъытэ зыгъуэтыпхъэ пэхуэщІэхэм тригъащІэу, екІуэкІын хуей лэжьыгъэм икІыхьагъкІэ пхышыпхъэ гупсысэхэр къиІэту.

Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Правительствэм и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Лу Азэмэт, КъБР-м егъэджакІуэхэм я Іэщ Іагъэмрэ щІэныгъэмрэ зэпымыууэ щыхагъахъуэ центрым и унафэщІ Къэжэр Артур, «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм» и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Шыпш Аслъэн сымэ. Апхуэдэу зэІущІэм къеблэгъащ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэхэм я унафэщІхэр, абыхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ жэуап зыхь я къуэдзэхэр, щІыналъэ къулыкъущІэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр:
8 (8662) 40-89-70, 40-34-32.

Къэрал мыхьэнэ зиІэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и Федеральнэ Советым и зэІущІэм. Ар КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ.

А ЗЭІУЩІЭМ зыкърагъэхьэлІащ зэщІэхъееныгъэм и унафэщІхэмрэ абы и лэжьыгъэм жыджэру хэтхэмрэ. Зэхуэсыр иригъэкІуэкІащ Урысейм и ЛІыхъужь, Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм и Правленэм и Унафэщ Орлов Артур. Зэхуэсым хэтащ Урысей Федерацэм и щІыналъэ псоми – субъект 89-м – щыІэ къудамэхэм я унафэщІхэр.

КІуэкІуэ Казбек зэхыхьэм хэтхэм захуигъазэу къыхигъэщащ мы Іуэхум къэралым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр:

- Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэр хъуащ щІалэгъуалэм я проектхэм я пхыгъэкІакІуэ лъэщ. Нобэ абы ди республикэм щыщ сабийуэ минищэм нэблагъэрэ абыхэм я унэтІакІуэхэмрэ къызэщІеубыдэ. ЩІалэгъуалэм ядэІэпыкъуныр, абыхэм я зэчийм зегъэужьыныр, щІэныгъэ зрагъэгъуэтынымкІэ Іэмал псоми етынымрэ дэтхэнэми и зэфІэкІым зригъэужьынымрэ – ар ипэжыпІэкІэ ящыщщ къэралым гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуищІ къалэнхэм. Ди пашэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм и унафэхэм, абы и жэрдэмкІэ ягъэзащІэ щІалэгъуалэ политикэм игъуэт гулъытэм я фІыгъэкІэ Іуэху куэд зэфІэгъэкІа хъуащ. Нэхъыщхьэр фэ Іуэхум зэрызытевухуэрщ, зывужьыным фызэрыхущІэкъурщ. Дэтхэнэ зыми иІэжщ и Іуэху еплъыкІэ, и проектхэр, и ныбжьэгъухэр нобэ зыхуэныкъуэу къилъытэхэм ятеуху гупсысэхэр. Сыщогугъ Къэбэрдей-Балъкъэрым фи дуней еплъыкІэм къытехуэ щІалэгъуалэм нэІуасэ фащыхуэхъуну, ныбжьэгъущІэхэр щызэвгъэгъуэтыну. Фи зэІущІэхэм цІыхухэм къахуэщхьэпэну унафэхэр крикІуэну си гуапэщ. Шэч къытесхьэркъым мы зэхыхьэр сабийхэм я щІыпІэ самоуправленэм ди къэрал абрагъуэм зыщиужьынымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэбакъуэщІэ зэрыхъунум.

Зэхыхьэм увыпІэ щхьэхуэ щызыубыда Іуэхуу щытащ сабийхэм зэхагъэува «Малая Родина Первых. Единый код России» къыдэкІыгъуэр утыку къызэрырахьар. Абы щызэхуэхьэсащ къэралым и щІыналъэхэм я хабзэхэм, тхыдэм щыщ Іыхьэхэм, щэнхабзэ щІэиныр я щІыпІэ дахэхэмрэ зрагъэгъуэтынымкІэ Іэмал псоми етынымрэ дэтхэнэми и зэфІэкІым зригъэужьынымрэ – ар ипэжыпІэкІэ ящыщщ къэралым гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуищІ къалэнхэм. Ди пашэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм и унафэхэм, абы и жэрдэмкІэ ягъэзащІэ щІалэгъуалэ политикэм игъуэт гулъытэм я фІыгъэкІэ Іуэху куэд зэфІэгъэкІа хъуащ. Нэхъыщхьэр фэ Іуэхум зэрызытевухуэрщ, зывужьыным фызэрыхущІэкъурщ. Дэтхэнэ зыми иІэжщ и Іуэху еплъыкІэ, и проектхэр, и ныбжьэгъухэр нобэ зыхуэныкъуэу къилъытэхэм ятеуху гупсысэхэр. Сыщогугъ Къэбэрдей-Балъкъэрым фи дуней еплъыкІэм къытехуэ щІалэгъуалэм нэІуасэ фащыхуэхъуну, ныбжьэгъущІэхэр щызэвгъэгъуэтыну. Фи зэІущІэхэм цІыхухэм къахуэщхьэпэну унафэхэр крикІуэну си гуапэщ. Шэч къытесхьэркъым мы зэхыхьэр сабийхэм я щІыпІэ самоуправленэм ди къэрал абрагъуэм зыщиужьынымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэбакъуэщІэ зэрыхъунум.

Зэхыхьэм увыпІэ щхьэхуэ щызыубыда Іуэхуу щытащ сабийхэм зэхагъэува «Малая Родина Первых. Единый код России» къыдэкІыгъуэр утыку къызэрырахьар. Абы щызэхуэхьэсащ къэралым и щІыналъэхэм я хабзэхэм, тхыдэм щыщ Іыхьэхэм, щэнхабзэ щІэиныр я щІыпІэ дахэхэмрэ зрагъэгъуэтынымкІэ Іэмал псоми етынымрэ дэтхэнэми и зэфІэкІым зригъэужьынымрэ – ар ипэжыпІэкІэ ящыщщ къэралым гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуищІ къалэнхэм. Ди пашэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм и унафэхэм, абы и жэрдэмкІэ ягъэзащІэ щІалэгъуалэ политикэм игъуэт гулъытэм я фІыгъэкІэ Іуэху куэд зэфІэгъэкІа хъуащ. Нэхъыщхьэр фэ Іуэхум зэрызытевухуэрщ, зывужьыным фызэрыхущІэкъурщ. Дэтхэнэ зыми иІэжщ и Іуэху еплъыкІэ, и проектхэр, и ныбжьэгъухэр нобэ зыхуэныкъуэу къилъытэхэм ятеуху гупсысэхэр. Сыщогугъ Къэбэрдей-Балъкъэрым фи дуней еплъыкІэм къытехуэ щІалэгъуалэм нэІуасэ фащыхуэхъуну, ныбжьэгъущІэхэр щызэвгъэгъуэтыну. Фи зэІущІэхэм цІыхухэм къахуэщхьэпэну унафэхэр крикІуэну си гуапэщ. Шэч къытесхьэркъым мы зэхыхьэр сабийхэм я щІыпІэ самоуправленэм ди къэрал абрагъуэм зыщиужьынымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэбакъуэщІэ зэрыхъунум.

Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Правительствэм и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Лу Азэмэт, КъБР-м егъэджакІуэхэм я Іэщ Іагъэмрэ щІэныгъэмрэ зэпымыууэ щыхагъахъуэ центрым и унафэщІ Къэжэр Артур, «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм» и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Шыпш Аслъэн сымэ. Апхуэдэу зэІущІэм къеблэгъащ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэхэм я унафэщІхэр, абыхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ жэуап зыхь я къуэдзэхэр, щІыналъэ къулыкъущІэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Зыщыгугъхэр мащІэкъым

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-мрэ УФ-мрэ я гимнхэмкІэ зэІущІэр къызэІуаха нэужь, къызэхуэсахэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ Къуэшырокъуэ Залым.

- Иужьрей илъэсхэм къэралым щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм уащыкІэлъыплъкІэ, егъэджэныгъэ ІэнатІэм зэхъуэкІыныгъэ куэд дыдэ къызэрыщыхъум гу лъумытэнкІэ Іэмал иІэкъым. БлэкІа илъэс тІощІырыпщІым къриубыдэу а ІэнатІэм фІы куэд къыщыхъуащ, узэрыгушхуэ хъун лэжьыгъэшхуи щызэфІэкІащ. Ди щыІэныгъэм зехъуэж, егъэджэныгъэми абы зыдимыщІынкІэ Іэмал имыІэу щытыкІэ йоувэ. Зи гугъу сщІыр еджэныгъэм гуэх имыІэу епха гъэсэныгъэ лэжьыгъэр щІэрыщІэу къэІэтыжын, абы пыщІа Іуэхугъуэхэр еджапІэхэм я пщэ далъхьэжын зэрыхуейрщ. Пэжщ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэр еджапІэхэм зэи щызэпыуакъым, - ауэ ар къэрал зыужьыныгъэм и стратегием зэрыхиубыдэм къыхэкІыу, и щІыпІэрэ увыпІэрэ еджапІэхэм зэрыщагъуэтын хуейм деувэлІащ. Ди пащхьэ илъ къалэнхэр зэщІа хъун папщІэ, егъэджакІуэм и гуащІэрэ зэфІэкІрэ хэлъын хуейщ. Абы и Іуэху еплъыкІэрэ бгъэдыхьэкІэкІэщ къалэным дызэрыпэлъэщынур, ар зыхуей зэрыхуэдгъэзэфынур. Сыт хуэдэ лэжьыгъэри тыншкъым, нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ егъэджакІуэм и къалэныр. ЕгъэджакІуэм пщэдейрей махуэхэм я цІыху егъэхьэзыр, ар егъэгъуазэ, еунэтІ. Абы дунейм къыхишэ цІыхум бгъэдилъхьэ щІэныгъэмрэ ирит гъэсэныгъэмрэщ ди къэкІуэныр зыузэщІынур. Аркъудей шэч къытесхьэркъым ар зэрыфхузэфІэкІынум, ар къэгъэнауэ фІы куэд къызыдэкІуэну лэжьыгъэ купщІафІэ зэрызэтевублэнум. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбеки, КъБР-м и Правительствэми, сэри къыдбгъэдэкІыу дызытехьэ гъэ еджэгъуэщІэмкІэ гуапэу дынывохъуэхъу, фи гуращэхэмрэ мурадхэмрэ къывэхъулІэу лэжьыгъэ дахэ къефхьэлІэну ди гуапэщ, - жиІащ Къуэшырокъуэ Залым.

АдэкІэ псалъэр зрата Езауэ Анзор зэІущІэм хэтхэм фІэхъус гуапэ яриха нэужь, гъэ еджэгъуэщІэм зытригъэщІэну Іуэхугъуэхэм, егъэджакІуэм и пщІэр къэзыІэт жэрдэмхэр нэхъыбэ зэрыщІыпхъэм тепсэлъыхьащ.

- Егъэджэныгъэ ІэнатІэм и къалэн нэхъыщхьэр - ар Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхъуа дэтхэнэ сабийми щІэныгъэфІ етынырщ, зиужьын папщІэ псоми я зэхуэдэ Іэмалхэр къызэгъэпэщынырщ. Апхуэдэу щыт пэтми, Іэнатім нэхъ зытригъащІэри, абы къыщыхъу Іуэхугъуэхэр къызыпкърыкІри егъэджакІуэрщ. Ди къалэн нэхъыщхьэр егъэджакІуэм щІэгъэкъуэн хуэхъунырщ, абы зиужьын папщІэ, Іэмалу щыІэр ехьэлІэнырщ, и ІэнатІэм щригъэкІуэкІ лэжьыгъэр нэсу зэтеубла хъун папщІэ, зыхуэныкъуэ псомкІи къызэгъэпэщынырщ. Дызытехьэ гъэ еджэгъуэщІэм а лъэныкъуэмкІэ тхуэщІэ къэдмыгъэнэну ди мурадщ. Апхуэдэу гулъытэ хэха игъуэтынущ гъэсэныгъэ лэжьыгъэми. Ди щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм илъэсищэхэм къыпрахауэ щэнхабзэ лъэрызехьэ къадогъуэгурыкІуэ. Лъэпкъым и цІыху, къэралым и гражданин бгъэсэнумэ, апхуэдэ хъугъуэфІыгъуэхэм хуэдэ зимыІэм къелъыхъуэ. Мыри къалэнышхуэщи, абы хуэунэтІа пэхуэщІэ зыбжанэ къыхэтлъхьэнущ, си гугъэщ ди акъыл зэхэддзэмэ, ди гуащІэ зэхэтлъхьэмэ, ди пащхьэ къиувэ къалэнхэм дапэлъэщыну. Гъэ еджэгъуэщІэр псоми махуэ фхуэхъуну, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къывитыну си гуапэщ, - жиІащ Езауэм.

Абы иужькІэ министрым утыку кpuришащ блэкІа гъэ еджэгъуэм къриубыдэу ІэнатІэм гуащІэфІэу хуэлажьэ, зи зэфІэкІыр къэралпсо зэпеуэхэм щызыгъэлъагъуэ, егъэджэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІ егъэджакІуэхэр, гъэсакІуэхэр, унэтІакІуэхэр.

Зэхуэсым къыщаІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэм курыхыу тепсэлъыхьащ «Сабиигъуэм и гъуазэхэр» къэралпсо пэхуэщІэм къигъэув Іуэхугъуэхэр гъэзэщІэнымкІэ ди щІыналъэм и Іуэхузехьэ Кулым Залинэ. «Гъэсэныгъэ къэхъукъащІэхэм къыщежьэу лъапІэныгъэхэм хуэкІуэжу» зыфІищa и къэпсэлъэныгъэм Кулымым къыщиІэтащ гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и мыхьэнэр къызэрымыкІуэу зэрыиныр, абы бгъэдыхьэкІэ хэхахэр иІэн зэрыхуейр.

- ЦІыху гъэсэным дапщэщи мыхьэнэ иІэу къекІуэкІами, ди лъэхъэнэм абы къэралпсо мыхьэнэ игъуэтащ. Къызэрыгуэкі псалъэу щымытыжу, жэрдэм пыухыкІахэмрэ пэхуэщІэ нахуэхэмрэ теухуа хъущ. УнафэщІ къуэдзэхэми гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ чэнджэщэгъуэхэми я пщэм къыдэхуэ лэжьыгъэр зэрыщытткІэ тещІыхьауэ щытын хуейщ къыдэкІуэтей щІэблэм я гупсысэр, я дуней лъагъукІэр, я гузыхэщІэхэр лъэпкъым дежкІэ мыхьэнэ зиІэ хъугъуэфІыгъуэхэм хуэгъэзэным, абыхэм я псэкупсэ зэхэщІыкІыр къэгъэушыным. Гъэсэныгъэ лэжьыгъэм стратегие къару щигъуэтакІэ, егъэджэныгъэм тещІыхьауэ щыІэ къэрал программэхэм къызэщІаубыдэ Іуэхугъуэхэм зедгъэубгъуну, сабийхэри, егъэджакІуэхэри, унагъуэхэри зэпызыщІэ жэрдэмхэр къыщыхэтлъхьэну Іэмал диІэщ. А пэхуэщІэхэр ди щІалэгъуалэр зыуэзщІ Іуэху куэдкІэ узэщІауэ щытыну дыщогугъ, - жиІащ Кулым Залинэ.

Апхуэдэу зэІущІэм къыщыпсэлъащ Къэжэр Артур, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Мысост Екатеринэ, Шыпш Аслъэн, нэгъуэщІхэри.

Гъэ еджэгъуэщІэм къалэн куэд дыдэ егъэджакІуэхэм я пащхьэ къызэрырилъхьэнум хуэдэу, щІэщыгъуэ нэхъыбэжкІэ гъэнщІауэ щытынущи, шыщхьэуІу зэхуэс нэхъыщхьэм ирихьэлІэу ІэнатІэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гупсысэ куэд къыщыхалъхьэнущ. Дыщогугъ абыхэм егъэджэныгъэми гъэсэныгъэми фІыгъуэ куэд къыхуахьыну.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

Дунейм щыхъыбархэр

Зыужьыныгъэм хуэунэтІауэ

Запорожскэ областым и губернатор Балицкий Евгений жиІащ «Урысей зэкъуэт» партым и ЦІыхубэ программэр къэралым и зыужьыныгъэм хуэунэтІауэ зэрызэхагъэувар.

«ЦІЫХУБЭ программэр «Урысей зэкъуэт» партыр УФ-м и Къэрал Думэм щекІуэкІыну хэхыныгъэхэм зэрыхэтыну дэфтэр нэхъыщхьэщ. Ар къэралым и зыужьыныгъэм и «гъуэгу картэщ», цІыхухэр зыхуей-зыхуэфІхэм тещІыхьауэ, апхуэдэуи къэкІуэнум хуэунэтІауэ», - щитхащ губернаторым Максым щиІэ напэкІуэцІым.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, ЦІыхубэ программэм гулъытэ хъарзынэ хуащІу къыщыхагъэщащ Донбассымрэ Новороссиемрэ я щІыналъэхэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ 2032 гъэ пщІондэ зэрызрагъэужьыну Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр.

«Ар сэбэп хъунущ зэфІэгъэувэжыныгъэ программэхэр купщІафІэу гъэзэщІэнымкІэ, узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм зегъэужьыныкІэ, газыр унагъуэхэм ешэлІэнымкІэ, къапщтэмэ, ди цІыхухэм гъащІэ тынш икІи зэІузэпэщ къахузэгъэпэщынымкІэ», - жиІащ Балицкий Евгений.

Хуитыныгъэр къызэпауд

Украинэм Іэщэкіэ зэщІэузэда и къарухэм иджыблагъэ Краснодар крайм щызэрахьа щІэпхъаджагъэм иужькІэ ООН-м и секретарь нэхъыщхьэ Гутерриш Антониу къыхуриджащ цІыху мамырхэмрэ граждан ухуэныгъэхэмрэ еуэныр ягъэувыІэну.

«СЕКРЕТАРЬ нэхъыщхьэр хуабжьу ирогузавэ а зэныкъуэкъум кърикІуэ нэщхъеягъуэхэм. Мамыр цІыхухэмрэ абыхэм къагъэсэбэп ухуэныгъэхэмрэ ебгъэрыкІуэхэм дунейпсо гуманитар хуитыныгъэр наІуэу къызэпауд, апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэр дэнэ щекІуэкІми, икІэщІыпІэкІэ къызэтрагъэувыІэн хуейщ», - жиІащ ООН-м и секретарь нэхъыщхьэм и лІыкІуэ Дюжаррик Стефан.

Фигу къэдгъэкІыжынци, шыщхьэуІум и 24-м Украинэм ІэщэкІэ зэщІэузэда и къарухэм Краснодар крайм цІыхухэм яхуэгъэзауэ гущІэгъуншагъыншхуэ ялэжьащ. Зезыгъакіуэр зэрымыс жьыхулъатэм и къутахуэхэр техуащ уней сабий центрым, псэупІэ унэхэм. Сабиищ хэкІуэдащ, цІыкІуихым, балигъитІым фэбжь зэхуэмыдэхэр ягъуэтащ.

Шыщхьэуіум и 27, *махуэку*

♦**Боксым и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысей кином и махуэщ**
♦**1933 гъэм** къалъхуащ тхакІуэ, КъБКъУ-м и доценту щыта **Бозий Людин**.
♦**1940 гъэм** къалъхуащ тхакІуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ щІыхь зиІэ я журналист **Къантемыр Тыркубий**.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакІуэ, Абхъазым и ЛІыхъужь **Килбэ Мухьэмэд**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 28, *мэрем*

♦**Хъуэпсапіэм и дунейпсо махуэщ**
♦**1924 гъэм** Налшык къыщызэрагъэпэщащ Физкультурэмкіэ областной совет.
♦**1914 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛІыхъужь **Къанкъуэщ Ахьмэдхъан**.
♦**1933 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъуий Владимир**.
♦**1954 гъэм** къалъхуащ тхакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Мыз Ахьмэд**.
♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъуэплъащіэ Тіэхьир**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 16: 10-р хъыджэбз цІыкІущ, 6-р щІалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 25-рэ: 11-р хъыджэбз цІыкІущ, 14-р щІалэщ.

Шыщхьэуіум зэрыщІидзэрэ щІыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 635-рэ, илъэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ 5772-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ныбгъуэр бгъасэми, хьэсэр и плъапІэщ.

Пщэдейр нобэ яубзыху ЛДПР

Нобэ ди фІэщ ящыну хэтщ псэукІэфІ диІэу. Дэнэ щІыпІи зыужьыныгъэ щекІуэкІрэ гугъуехь лъэпкъ щымыІэу. «Оптимизацэм» и гугъу къытхуащІ, ауэ ди нэгу щІэкІыр еджапІэхэмрэ сымаджэщхэмрэ зэрызэхуащІыжырщ. КъытІэрыхьэм «хагъэхъуэну» дыкъагъэгугъэ, ипэжыпІэкІэ уасэхэмрэ тарифхэмрэщ зыхэхъуэр...

«Ирикъунщ», - жеІэ ЛДПР-м! Игъуэ хъуащ цІыхубэм девгъэкІуэкІ джэгукІэ тІуащІэр зэхуэфащІыжыну. ЛДПР-р хэхыныгъэхэм хэтынущ, дэтхэнэ цІыхуми и гъащІэм зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэтыным и телъхьэу! Ди программэр зытещІыхьар цІыхумрэ унагъуэмрэщ. Ялэ дыдэу дэ къыдогъэув мигрантхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ират къэрал дэІэпыкъуныгъэр къызэтевгъэувыІэну, а ахъшэр ди бынхэм, студентхэм, адэ е анэ закъуэхэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм ефтыну. Ди еплъыкІэр къызэрыгуэкІщ икІи захуэщ: ялэщІыкІэ - ууейхэм, иужькІэ - адрейхэм защІэгъэкъуэныр. Ди къэралым и хьэрычэтыщІэхэм защІэдгъэкъуэн, индустриализацэ зэтедублэн хуейуэ къыдогъэув. Налогхэр щІыналъэхэм, ахэр къыщалэжьам, кьинэн хуейщ. Ар хэгъэгухэм заужьыныкІэ Іэмал хъарзынэщ.

Ди щІэныгъэр гужьеигъуэ зыщІа ЕГЭ-мрэ ОГЭ-мрэ зэрыщыту гъэкІуэдыжыным тыдогъэчыныхь. Къэралым щІэныгъэ зыужьыныгъэ къыхуэзэзыгъэпэщыфын Ломоносовхэмрэ Кулибинхэмрэ диІэжщ. Ди сабийхэр тэмэму еджэну Іэмал етын хуейуэ аращ. Икіи, дауи, ди еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ курыт ІэщІагъэ щрагъэгъуэтхэмрэ къэзыухахэр лэжьапІэ гъэувыныкІэ ялэ игъэщыпхъэщ, ІэщІагъэлІ «кърагъэблагъэхэм» нэхърэ. Пенсионерхэм папщІэ къэрал программэщІэ къыхыдолъхьэ, ахэр щыпсэу щІыналъэм емылъытауэ зэхуэдэ Іэмалхэр къызэригъэпэщын хуэдэу. Пенсэ ахъшэр тэмэму псэуным хурикъун хуейщ, армыхъумэ, имыгъэмэжэлІэн къудейуэ щытын хуейкъым. Зи ныбжь хэкІуэтахэр хэдэн хуейкъым - хущхъуэ хьэмэрэ ерыскъы жаІэу. ПсэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэр къэралым и нэІэм щІэтыпхъэщ! УнафэщІ компание напэншэхэм дыгъуэныр щагъэтыныкІэ Іэмал нэхъ тКІий дыдэхэр къахуэзгъэпэщыпхъэщ. ЦІыхухэм уасэ зыщІатын хуейр арэзы къэзыщІ Іуэхутхьэбзэхэрщ. Дэ къыхыдолъхьэ цІыхубэ ипотекэр проценти 3 нэхърэ нэхъыбэ темыхуэу ятыну, гъуэгухэр, псыр, электрокъарур зэкІуалІэ щІы кІапэхэр пщІэншэу яттыну. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, унагъуэхэм ди щІыналъэм унэхэр щахуэфын хуейщ, армыхъумэ, игъащІэ псокІэ, илъэс пщІы бжыгъэкІэ псэупІэм бэджэнд уасэ щІатын е финанс пщылІыпІэм ихуэн хуейкъым.

Дауи, нобэ мамырыгъэр къызэдгъэпэщыну дыхуейщ, ди жьпхъэхэр къэлъытауэ. Украинэм нацист режимыр щыгъэкІуэдын, ди цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын хуейщ. Дэ СВО-м икІэщІыпІэкІэ ТекІуэныгъэ къыщытхьыным тыдогъащІэ. Нобэкіэ дытегушхуэу унафэ тКІий къэдмыщтэмэ, пщэдей кІасэ хъунущ. Къэралыр тфІэкІуэдынущ. Псоми ди зэхуэдэ къэкІуэнур тфІэкІуэдынщ. Нобэ ЛДПР-м и пщэ делъхьэж Урысейм и къэкІуэнур. Дэ мурад диІэщ, лэжьэн гуп диІэщ, къару диІэщ.

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр хэхыным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къыдэкІа Федеральнэ закон №20-ФЗ-м ипкъ иткІэ пщІэншэу тыдодзэ.

2026 гъэм хэхыныгъэхэр зэрекІуэкІынур

Урысейм и ХэхакІуэ комиссэ Нэхъыщхьэм и унафэщІ Памфиловэ Эллэ 2026 гъэм и хэхыныгъэр иужьрей илъэсхэм екІуэкІахэм я нэхъ гугъуу къызэрилъытэр къыхигъэщащ.

Хэхыгъуэ пІалъэр зэфІэкІыху, абы и къызэгъэпэщыкІэм набдзэгубдзаплъэу хущытыпхъэщ: хэхакІуэ участкэхэр зэлъэІэсыным деж щегъэжьауэ, Іуэхур хабзэм темыкІыу щытыным нэс хуэсакъын хуейщ, къэралым и кІуэцІкІи щІыбкІи абы зэран къыхуэхъункІи хъунухэм темыплъэкъукІыу.

Хэхыныгъэмкіэ системэр япэрейр зытетам тетыжщ: псори зэхэту (параллельнэ) жыпхъэм иту, парламентым хэтыну цІыху 450-рэ хахынущ.

Депутат 225-р - партхэм къагъэлъэгъуахэм къыхахынущ, 225-р - зы мандат хэхыпІэ округхэм.

Зы мандаткІэ хахынухэр 2026 гъэм щІэуэ ягуэшынущ:

Округ 225-м Урысейм щІэуэ къыхыхьа областхэр хабжэ: ДНР-м щыщ округищ, ЛНР-м - тІу, Запорожскэ, Херсон областхэм - зырыз.

Депутахэм я бжыгъэм зихъуэжакъым: 450-рэ.

Депутат корпусым нэмыщІ, а махуэ дыдэм щІыналъи 8-м я унафэщІхэмрэ щІыналъэ 39-м я парламентым хэтынухэмрэ хахынущ.

Урысейм и субъектищым - Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием я унафэщІхэр Президентым къигъэлъэгъуа нэужь, ятеухуа унафэр щІыналъэхэм я хабзэубзыху органхэм къащтэнущ.

Унагъуэ мин 40-м щІигъум яхуеблэгъакІэщ

Мы илъэсым ди къэралым щекІуэкІыну политикэ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и IX зэхуэсыгъуэм и депутатхэр зэрыхахынур. Абы зыщыхуагъэхьэзыр Хэкум и дэнэ щІыпІи. Къэбэрдей-Балъкъэрми абы теухуа Іуэху пыухыкІахэр щызэфІагъэкІ. Зы махуи дэкІыркъым хэхыныгъэхэм ехьэлІа Іуэхухэр республикэм и ХэхакІуэ комиссэми, абы щІыналъэхэм щиІэ участкэхэми щемыкІуэкІыу.

Къалэн нэхъыщхьэу къэувырщи, хэхыныгъэхэр хабзэм тету, зым и хуитыныгъэри къызэпамыуду ирагъэкІуэкІын хуейщ. Дэтхэнэ зыми Іэмал иІэн хуейщ и Іуэху еплъыкІэр къигъэлъэгъуэну.

Къэрал хабзэм къызэригъэувымкІэ, политикэ парт псоми, абыхэм къабгъэдэкІ кандидатхэми зэхуэдэ Іэмалхэр яІэщ зыкъагъэлъэгъуэну, ахэр ятхынымрэ ІэІэтым ипэ къихуэу я программэхэм цІыхухэр щыгъуазэ ящІыну, я телъхьэ къащІыну. Абы къыдэкІуэу, я программэхэр хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ хэІущІыІу ящІын, пщІэ щІамыту телевиденэмрэ радиомкІэ къыщыпсэлъэн, я тхыгъэхэр печатым къытрырагъэдзэн папщІэ шэсыпІэхэр къыхуэзрагъэпэщ. Хэхыныгъэм теухуа законодательствэм къигъэувхэм зэрытетыр къапщытэ хэхакІуэ комиссэхэм хэтхэмрэ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэмрэ.

Республикэм и муниципальнэ кампанием ипкъ иткІэ къапэщытщ депутатхэм я мандат 1505-рэ зыхуэфащэхэр къыхахыну. Хэхыныгъэхэр егъэкІуэкІыным къыхузэрагъэпэщащ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэу 13, участковэ хэхакІуэ комиссэу 354-рэ, абыхэм къызэщІаубыдэ комиссэхэм хэт цІыху 2750-рэ.

Псори зэхэту республикэм Іэ щызыІэтынухэм я бжыгъэр мин 553-м ноблагъэ. Абыхэм ящыщу япэу Іэ зыІэтыну ныбжьыщІэхэр миниблым щІегъу.

ЩІыпІэ хэхахэм епха хэхыпІэхэм лэжьыгъэр щызэщІэгъэуІуэным хуэгъэпсащ «Информ УИК» проектыр. Ар сэбэп хъунущ Іэ щаІэтыну махуэхэм ипэ къихуэу цІыхухэм я унагъуэхэм кІуэурэ абы исхэр хэхыныгъэхэм теухуауэ зыщыгъуэзапхъэхэр ягурыгъэІуэнымкІэ. 2026 гъэм Урысейм апхуэдэу цІыхухэм я деж кІуэнущ къэралым и щІыналъэ 87-м я хэхакІуэ комиссэхэм я лІыкІуэу мин 300-м нэблагъэр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, апхуэдэ Іуэхухэр шыщхьэуІум и 20-м къыщыщІэдзауэ фокІадэм и 15 пщІондэ щекІуэкІынущ.

Налшык къалэм и щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІ Нало Николай зэрыжиІэмкІэ, унэ-унэкІэрэ къэзыкІухьынухэр я пщэрылъхэм щыхурагъаджэ программэр Іыхьэ зыбжанэу зэхэтащ: цІыхухэм зэрепсэлъэну щІыкІэм, хэхакІуэхэр къыщыгъэлъэгъуа спискэхэр къызэрагъэсэбэпынум, здэщыІа унэхэмрэ абыхэм зыщыхуэзахэм, зэпсэлъылІахэм я бжыгъэр къызэрагъэлъагъуэ гуэдзэнхэр къызэрагъэщхьэпэнум, ахэр хэхакІуэ комиссэхэм я лІыкІуэу зэрыщытым щыхьэт техъуэ щыгъынхэмкІэ къызэгъэпэщыным, комиссэхэм я унафэщІхэм занщІэу зыпащІэфу щытыным пыщІа куэд къызэщІаубыдэу.

Мы зэманым хьэгъэщагъэ куэд цІыхухэм зэрыкІэлъызэрахьэр къалъытэри, здэкІуэхэм шэч къыхуамыщІын папщІэ, хэхыныгъэхэм ятеухуа Іуэхухэр гурагъэІуэн мурадкІэ ирагъэжьахэм фащэ хэхахэр хуащІащ – «ЕДГ-2026» дамыгъэр тедзауэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми иІэщ хэхакІуэхэм яхуэгъэза тхыгъэхэр, Іэмал имыІэуи яІыгъын хуейщ езыхэр хэтми къэзыгъэнаІуэ дэфтэрхэр.

Апхуэдэу цІыхухэм зэрепсэлъылІэм и фІыгъэкІэ хэхакІуэхэр щыгъуазэ мэхъу къэблэгъа ІэІэтым теухуа куэдым: ахэр щекІуэкІыну пІалъэм, зезыгъэтха партхэмрэ кандидатхэмрэ цІыхухэр къызэрагъэгугъэм, Іэ щаІэт хъуну щІыпІэр дэнэ дежми, хэхыпІэ участкэхэм щекІуалІэ хъуну зэманым.

«Информ УИК» проектым хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ унагъуэ мин 40-м щІигъум яхуеблэгъакІэщ мы зэманым ирихьэлІэу икІи ахэр зэхэщІыкІыгъуэу яхутепсэлъыхьащ хэхыныгъэхэм ятеухуа хабзэхэм, цІыхухэм я дзыхь зрагъэзынухэр езыхэм къыхахыжыну зэрыхуитым.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

ЕгъэджакІуэм хуащІ тыгъэм и мардэр

Гъэ еджэгъуэщІэм щІидзэным къэнэжа махуэ зыбжанэм ипэ къихуэу, Къэрал Думэр пэгъунэгъу хъуащ егъэджакІуэхэм хуащІ тыгъэм и мардэр нэхъ лъагэ зыщІ унафэр къищтэным.

Зи гугъу тщІы жэрдэмыр япэу къыхэзылъхьар УФ-м и Жылагъуэ палатэм и секретарым и къуэдзэ Гриб Владиславщ. Иджыри къэс къару зиІа унафэм ипкъ иткІэ, егъэджакІуэм сом мини 3 нэхърэ нэхъыбэ зи уасэ тыгъэ хуэпщІыну хабзэм идэртэкъым. Ахъшэр, нэгъуэщІ мыхъуми, сом мини 5-м нэгъэсын хуейщ, жиІащ Гриб. ЕгъэджакІуэм нэхъ мащІэ дыдэу удз гъэгъа Іэрамэ е кІэнфет пхъуантэ къыхуэпщэхуну щытмэ, ар иджы сом мини 3-м къыщІэкІыжынукъым. Дауи, къыдыщІигъужырт къулыкъущІэм, ахъшэм и куэдагъым теухуауэ унафэ къэзыщтэн хуейр адэ-анэхэрщ, щхьэж бгъэдэлъ мылъкум теухуауэ.

Гриб къыхилъхьам и гугъу щащІым, Къэрал Думэм къыщыпсэлъа депутатхэм я акъыл зэтехуакъым. Тыгъэ уасэр хагъэхъуэныр зымыдахэм язщ Свищев Дмитрий. Ягъэува сом мини 3-м елъэпІэкІ тыгъэм егъэджакІуэми абы саугъэт езыта адэ-анэхэми хабзэм и пащхьэ щІиувэн щхьэусыгъуэ къакухъуигъэкІынкІэ шынагъуэщ. «Илъэс къэс я щхьэр якъутэ: сыт егъэджакІуэм тыгъэ хуэтщІынур, жаІэри. Жэуап фызот: сом мини 3. Сом мини 3-р кулыкъущІэхэм я щхьэзыфІэфІагъкІэ ягъэува мардэкъым, абы егъэджакІуэр хабзэншагъэм щехъумэ, нагъыщэфІкІэ къыщыгугъыу, Іулъхьэ къызэрыІихамкІэ ямыгъэкъуэншэн хуэдэу. Хеящ Іэхэр абы иужь ихьэмэ, ягъэтыншынукъым», - жиІащ Свищевым.

Саугъэт хуащІым и мардэр дэгъэкІуеин хуейуэ къелъытэ Новичков Николаи. Ар зэреплъымкІэ, илъэс куэд ипэкІэ (2008 гъэм) ягъэува бжыгъэр нобэрей уасэхэм лъэщІыхьэжыркъым. «Тыгъэм и уасэр сом мини 5-м нэгъэсын зэрыхуейр ядызоІыгъ, сыту жыпІэмэ, иджырей сом мини 3-мкІэ фэ зытет удз гъэгъа Іэрамэ е кІэнфет пхъуантэ цІыкІуитІ фІэкІа къыпхуэщэхунукъым».

Новичковыр зэрегупсысымкІэ, егъэджакІуэхэми фІыщІэ ящІын хуейщ тыгъэ хьызэрыхуащІыр, ар нагъыщэ лъагэкІэ къызэрыщыгугъым кърикІуа щІыхуэу къащымыхъуу.

«Изрэ ныкъуэрэ зэрыщІэркъым», - жеІэ псалъэжьым. Иджыри къэс дгъэпсэлъар «изхэращ». «Ныкъуэхэм» я еплъыкІэри гулъытэншэу къэдгъанэ хъуну къыщІэкІынкъым. Хэт абыхэм хиубыдэр? Дауи, лэжьакІуэбэм я нэхъыбэр «ныкъуэщ». Псом хуэмыдэу, улахуэхэм ин дыдэкІэ ущемыджэфыну ди щІыналъэхэм щыпсэухэр. Щхьэусыгъуэ щиІи щимыІи, егъэджакІуэм тыгъэ хуэщІын зэрыхуейм гугъу иригъэхь адэ-анэхэм зэхахыну зыхуейр, дауи, а къалэныр ящхьэщызых унафэт. ЩІэныгъэ зэбгъэгъуэтыныр хабзэм пщІэншэу щигъэувакІэ, еджакІуэм щитІэгъэнумрэ къигъэщхьэпэну тхылъ-тетрадхэмрэ я уасэр ерагъыу зэзыгъэуІуфхэм ар къатемыхьэлъэныр пэжкъым. «ЕгъэджакІуэхэм хуащІ тыгъэ» псалъэ зэпхам хогъуащэ а тыгъэр къызрахыну жып псори зэрымыкуур. ЛэжьапІэ Іумыт адэ-ани зэрыщыІэр зыщыдывмыгъэгъупщэ.

Хабзэм и бзэкІэ мы Іуэхум зэреджэр «хагъэзыхьурэ къыІэщІагъэкІ ахъшэщ» («принудительная благотворительность»). «ГуфІэгъуэ-гузэвэгъуэм щхьэкІэ» фІащми, «къыщалъхуа махуэ» жаІэми, нэмыукІытагъэкІэ зэхуахьэс «ехъуэхъупщІэхэм» ар зрат егъэджакІуэми фэ Іей къытрегъауэ. Тыгъэм щІагъэхъуэпс нэхърэ, а сомыр улахуэм хухагъэхъуамэ, нэхъ хащтэну къыщІэкІынт езыхэми. Шэч хэлъкъым сабийм псэемыблэжу бгъэдэт гъэсакІуэм пщІэи тыгъи зэрыхуэфащэм, ауэ а Іуэхум хэгъэзыхьыныр зэрыхэІэбэу, гуапагъэм и мыхьэнэм зыгуэр кІэроху.

УФ-м и Конституцэм (ст. 43) егъэджэныгъэр зэрыпщІэншэр щІэгъэбыдауэ къыхегъэщ. Школым папщІэ ахъшэ къызыІах адэ-анэхэми ящІэ хуэдэу щытщ «псапащІэ ахъшэр» гукъыдэж къабзэкІэ фІэкІа Іахыну зэрыхуимытыр. Арщхьэкіэ я сабийхэм лей къатехьэнкІэ ягъэгузавэурэ, ахэр акъылкІэ къагурыІуэм ирагъэбакъуэ. Зыри хуейкъым адрейхэм закъыхигъэщынуи быдафэ къраплъынуи.

Пэжщ, депутатхэм унафэ къызэращтэм сом мини 5 нэхърэ нэхъыбэ къыхамыхыным ущигъэгугъын хуейт. Ауэ «мы Іэлуминыр сэ зэрыслхьэнукъым» жиІэу, дыщэ Іэлъын къахуэзыдзыжахэм я деж щегъэжьауэ, «гулъытэ къызэрытхуэвмыщІам щхьэкІэ фІыщІэ фхудощІ» жызыІэхэм я деж щиухыжу, ди Іэгъуэблагъэм щызэхэтхыр къыдолыж. ГушыІэрей бзаджэ гуэрым зэрыжиІащи: «Уэ напэ узэриІэм ар зимыІэхэр хотхъыкІ».

Толстой Лев и иужьрей махуэхэр

ТхакІуэшхуэ Толстой Лев дунейм къыщытехьам и гугъу щащІкІэ, махуэгъэпсыжьымкІэ шыщхьэуІум и 28-р, щІэмкІэ - фокІадэм и 9-р къраІуэ. Ауэ нобэ гулъытэ зэттыну дызыхуейр Толстойм и иужьрей махуи 10-рщ.

ЛИТЕРАТУРЭМ зыгуэр хэзыщІыкІ псоми ящІэ Толстойр и унэм зэрыщымылІэжар. 1910 гъэм жэпуэгъуэм и 27 - 28 махуэхэм я зэпылъыпІэм, пщэдджыжьым сыхьэти 5-м тхакІуэр щІэину къыхуэна, и гъащІэ псор щрихьэкІа, и унагъуэр щыпсэу Ясная Полянэ жылагъуэр къэгъэзэжын мурад имыІэу зэрибгынэр зэрыт тхыгъэ къызэринэкІри, и дохутырым фІэкІа зыри имыгъусэу, гъуэгу теуваш. Иджы къыщІэщыж напэкІуэцІхэм къызэрищымкІэ, унагъуэм щыщу абы и мурадым щыгъуазэр ипхъу Сашэ и закъуэт. И щхьэгъусэр къэуша нэужь, абы хуитха письмор хъыджэбзым и анэм иритыжын хуейуэ арат. ТхакІуэм и лъапсэр зэрибгынапэр уеблэмэ и гъусэ дохутырым ищІэртэкъым.

ЦІыхум Іущыгъэр къыдалъхуамэ, абы езым уасэшхуэ зэрыщІитам шэч къытумыхьэми хъунущ. Абы къикІращи, губзыгъэм и къэухьым зиубгъуху, езым емыщхьхэр нэхъ къытехьэлъэу мэхъу. «ЦІыхухэм сыт жаІэн?» упщІэм фІэкІа зэригъэзахуэу щымытамэ, Толстой а дэ тцІыху тхакІуэшхуэр къыхэмыкІынкІи хъунт.

Жэщу гъуэгу техьахэм здаунэтІыр «Оптина пустынь» цІэр зезыхьэ цІыхухъу къулъшырыфырт. Гъуэгурыкіуэхэр Мэзкуурэ Курскрэ зэпызыщІэ гъущІ гъуэгу станцым техьэри, япэу зрихьэлІа мафІэгумкІэ Козельск нэс кІуащ. Арщхьэкіэ жэпуэгъуэм и 30-м Толстойм унэр зэрибгынар «Русское слово» газетым къытехуакІэт.

Газетым тхакІуэм и ужьым журналист иригъэуващ - Орлов Константин. И щхьэгъусэр зэрыкІэлъыкІуэнум шэч къытримыхьэу, Толстойр занщІэу ТулэкІэ емыжьэу, Шамординэ, Горбачевэ жылэхэм кІуэцІрыкІат. Ауэ Астаповэм нэса нэужь, къызэІыхьащ. Орловырщ тхакІуэм и щхьэгъусэ Софье телеграммэ хуезыгъэхьар, ар сымаджэ зэрыхъуамрэ здэщыІэ щІыпІэмрэ иригъащІэу: «Лев Николаевич станцым и унафэщІым деж щыІэщ, и пщтырагъыр градус 40 мэхъу».

«КхъыІэ, сыздэщыІэр къапщІэмэ, си ужь унимыувэ», - а псалъэхэр итт тхакІуэм щхьэгъусэм къыхуигъэна тхыгъэм. Астаповэм нэсын ипэ, Толстоймрэ дохутырымрэ Белёвэ жылэм къыщыувыІуати, «Одесские новости» газетым ауан щІэлъу мыр къытрадзат: «Белёвэм къэса нэужь, Толстойр буфетым щІыхьэри, джэдыкІэ гъэжьа ишхащ». ТхакІуэм куэд щІауэ лыхэкІ зыІуилъхьэртэкъым.

«Толстойр хуит зэрыхъужар» и фІэщыгъэу, Бунин Иван тхылъ щхьэхуэ иІэщ. Абыи къыщыхьащ тхакІуэм и щхьэгъусэм хуитхахэм ящыщ сатыр зыбжанэ: «Сэ си ныбжьым нэса лІыжьхэм ящІэ хабзэр сщІауэ аркъудейщ. Ахэр дунеягъэ гъащІэм хокІ, я закъуэу, щэхуу я иужьрей махуэхэр ирахьэкІын папщІэ».

А псалъэхэрщ зыпэджэжар и лІым къигъэзэжыну елъэІу Софье: «Уэ лІыжьхэр дуней гъащІэм хэкІыжу жыбоІэ. Дэнэ апхуэдэ щыплъэгъуар? Мэкъумэшыщ Іэ лІыжьхэр хьэкум тесщ, унагъуэм, я къуэрылъху-пхъурылъхухэм яхэсу я иужьрей махуэхэр ирахьэкІ, пщы-уэркъхэми я псэукІэр апхуэдэщ. Къару зимыІэж лІыжьыр зыгъэтыншынухэм, къыкІэлъыплъынухэм, къелІэлІэнухэм, зыхуей хуэзыгъэзэну и бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ ябгъэдэкІыну къезэгъэр?»

Щхьэж зыхуей жэуапыр иритыфынущ мы упщІэм, еплъыкІэхэр зэтехуэнукъым. Ауэ упщІэ нэхъ хьэлъи щыІэщ: сыт щІыхьым и мыхьэнэр, абы гугъу уезыгъэхьэм уадэмыпсэуну хуит уимыщІынумэ?

Толстойр дигу къыщыдгъэкІыжкІэ, абы литературэм щича япэ лъэбакъуэхэр ди щІыналъэм зэрепха щІыкІэри тщІапхъэщ. ТхакІуэ хъун ипэ, ар и къуэш нэхъыжь Николай здэщыІэ Кавказым къулыкъу щищІэну къэкІуауэ щытащ. Кавказырщ абы щитхар иджы псоми яцІыху «Сабиигъуэ» повестыр. Псыхуабэ и Іэгъуэблагъэм, нобэ Горячеводскк Іэ дыззджэ щІыпІэм пэгъунэгъуу, Къэбэрдей жылэ («Кабардинская слободка») и цІэу зы псэупІэ щыІащ, фэтэр хьэхухэр щату. Толстойм хьэзыр хъуа и повестыр пощткІэ абы кърыригъэхри, а зэманым «Современник» журналым и Іуэхухэр зезыгъакІуэ Некрасов Николай хуигъэхьауэ щытащ, и цІэ-унэцІэр хьэрф къудейкІэ къэгъэлъэгъуауэ. «Уи жэуапым тезырым хуэдэу сыхуопІащІэ, - хуитхырт абы редакторым. - Аращ зэлъытар стхауэ хъуар згъэсыжьнрэ си псэр зыхэлъ Іуэхум дяпэкІи пысщэнрэ».

Некрасовым повестыр игу зэрырихьар къыхуитхри, журналым и къыкІэлъыкІуэ номерым хуигъэхьэзырауэ щытащ.

Толстой щыпсэуа жылэм «Кабардинская» цІэр щІызэрихьар, дауи, Къэбэрдейр зэрыгъунэгъурт. Псыхуабэ щыпэкІу «Къэбэрдей полк»-м и хэщІапІэ-псэупІэу арат «слободка» зыфІащар. Нобэрей Псыхуабэ къалэм щыпсэухэми яцІыху а щІыпІэр, Толстойм зэрепхар я гум щагъэфІрэ хамыгъэгъуащэу.

Зауэм хэтахэм я лъэужьымрэ я щІыхь дамыгъэхэмрэ къэлъыхъуэжьынымкІэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ Нэхущхэ Ахьмэдрэ Дианэрэ. Зейхэм яІэрымыхьэжа къэрал дамыгъэ куэд къагъуэтыжу, ахэр я унагъуэхэм, я Іыхьлыхэм иратыжын яхузэфІэкІащ жэуаплыныгъэшхуэ зыхэлъ къэлъыхъуакІуэхэм. Къищынэмыщ Іауэ, Нэхущхэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэ щхьэпэхэм ящыщщ а лІыхъужьхэм ятеухуа тхыгъэхэри ягъэхьэзыру республикэм къыщыдэкІ газетхэм къызэрытрырагъадзэр. Абыхэм ящыщ зыщ лейтенант Борэн Хьэжысмел Жамболэт и къуэм теухуари.

«БОРЭН Хьэжысмел Жамболэт и къуэр 1904 гъэм Къундетей-1 къуажэм (иджы Шэджэм) къыщалъхуащ. Ленинград щыІэ, парт лэжьакІуэхэм я мазих курсхэмрэ Ярославль дэт рабфакымрэ къиухащ, абы 1929 гъэм мазаем и 5-м ВКП (б)-м щыхагъэхьащ. 1932 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогикэ институтым и партбюром и секретару хахащ. Партым и унафэщІхэм ар Дон Іус Ростов ягъэкІуащ, коммунист курсхэм щеджэну. ИужькІэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секторым и унафэщІу ягъэуващ.

КъБАССР-м и Налшык РВК-м Борэныр 1942 гъэм Дзэ Плъыжьым хигъэхьащ. Абы къулыкъу щищІащ 198-нэ фочауэ дивизэм и 506-нэ фочауэ полкым. 1944 гъэм гъатхэпэм и 6-м дзэ частьгубгъуэ пощт №97636-м къикІыу Хьэжысмел и иужьрей письмор къыхуигъэхьауэ щытащ и шыпхъу Борэн Кулжан Жамболэт и пхъум.

198-нэ фочауэ дивизэм и управленэм 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа хэщІыныгъэхэм ятеухуа хъыбар №026269-м ипкъ иткІэ, фочауэ взводым и командир лейтенант Борэн Хьэжысмел Жамболэт и къуэр 1944 гъэм гъатхэпэм и 9-м зауэм хэкІуэдащ. Ар япэу щыщІалъхьащ Ленинград областым хыхьэ Островскэ районым хиубыдэ Барашки къуажэм. ИужькІэ лейтенант Борэныр щыщІалъхьэжащ Псков областым и Островскэ районым щыІэ Волковская волость жылэм дэт къуэшыкхъэм. Абы и цІэр мыкІуэдыжыну къыщыхагъэщащ щыщІалъхьа щІыпІэми КБР-м и Правительствэм и Унэм деж щыІэ фэеплъми. «КъБР-м и Фэеплъ тхылъым» (2014 гъэ, япэ том, н. 75-рэ) абы теухуа хъыбарыр мыпхуэдэу итщ: «Борэн Хьэжысмел Жанболэт и къуэ, 1904 гъэм къалъхуащ, адыгэщ. Налшык ГВК-м Совет Армэм ириджащ. Лейтенантщ. 1944 гъэм хэкІуэдащ. Ленинград областым хыхьэ Барашки къуажэм щыщІалъхьащ». Ар мыпхуэдэу зэхъуэкІыжыпхъэщ: «Борэн Хьэжысмел Жамболэт и къуэ, 1904 гъэм къалъхуащ, адыгэщ. 1942 гъэм Налшык РВК-м Совет Армэм ириджащ. Лейтенантщ. 1944 гъэм гъатхэпэм и 9-м хэкІуэдащ. Псков областым хыхьэ Островскэ районым и Волковская волость къуажэм щыІэ къуэшыкхъэм щыщІалъхьащ».

Лейтенант Борэн Хьэжысмел Жамболэт и къуэр 198-нэ фочауэ дивизэм хэту Ленинград лІыхъужьыгъэ яхэлъу зыхъумахэм ящыщащ. Абы «Ленинград зэрахъумам папщІэ» медалыр къыхуагъэфэщэн хуейт. Арщхьэкіэ дамыгъэр и благъэхэм къаІэрыхьэжакъым. Дэ зэхуэтхьэсащ Борэн Хьэжысмел Жамболэт и къуэр 1941 гъэм фокІадэм и 8-м къыщыщІэдзауэ 1944 гъэм щІышылэм и 27 пщІондэ Ленинград зыхъумахэм зэрахэтам, апхуэдэуи Биджиевэ Валентинэ зауэлІым зэриблагъэм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр. Абы и цІэкІэ Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм Кадрхэмкіэ и управленэ нэхъыщхьэм зыхуэдгъэзащ, Борэн Хьэжысмел «Ленинград зэрахъумам папщІэ» медалым щыхьэт техъуэ тхылъыр етыжыным теухуа Іуэхум хэплъэну. Абы арэзы зэрытехуамкІэ жэуапыр къытІэрыхьащ.

Хэку зауэшхуэм и дамыгъэ ирамытыжахэр къэлъыхъуэнымкІэ едгъэкІуэкІ зи чэзу Іуэхур ехъулІэныгъэкІэ зэфІэдгъэкІащ. Дамыгъэр къызэрыратамкІэ унафэр къызэрыдэкІрэ илъэс 83-м щІигъужауэ Биджиевэ Валентинэ Мухьэмэд и пхъум (гъущхьэтет икІи тренер цІэрыІуэ Биджиев Хьэсэнбий и анэщ) и анэ дэлъху, лейтенант Борэн Хьэжысмел Жамболэт и къуэм къыхуагъэфэщауэ щыта, «Ленинград зэрахъумам папщІэ» медалым и тхылъыр къратыжынущ».

Зыгъэхьэзырар
ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэщ.

Псэущхьэхэми бзэ яІэщ

Тхьэм къигъэщІахэм бзэ зырызыхэ къытІурилъхьащ. ЦІыхуми, хьэкІэкхъуэкІэми, хьэпщхупщми тІурылъ бзэр илъэс мин бжыгъэкІэ зэтедгъэуващ, зедгъэужьащ. Къэтщтэнщ хъумпІэцІэджхэр. Ахэр нэфщ. АтІэми тыншу зэгуроІуэ, я Іуэху благъэкІыркъым, абыхэм я бзэр мэкІэщ зэрызэхагъэкІыр. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, хьэпІащІэ лІа хъумпІэцІэджым къигъуэтамэ, ар гъуэм зэрыкІуэж гъуэгум ферономкІэ зэджэ вещество трелъхьэ. Ферономыр ищІ мэмкІэ адрей хъумпІэцІэджхэм щыуагъэншэу хьэпІащІэ лІар къагъуэт.

БЖЬЭХЭМИ я бзэр гъэщІэгъуэнщ. Абыхэм я макъ гъэІукІэр къафэм нэхъ ещхьщ. Бжьэхэм ящыщ зым фо къызыпІых хъун гъэгъа куэд здэщыІэ щІыпІэ къигъуэтамэ, матэм дохьэжри, абы дэсхэм и къэфэкІэмкІэ къагурегъаІуэ къигъуэтар здэщыІэ щІыпІэр, къыпІыхыфыну фор зыхуэдизыр. Мыдрейхэми заІэтри, а щІыпІэр щыуагъэншэу къагъуэт.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ ядж псэущхьэхэм я «бзэр». Къапщтэмэ, пылхэр зэгурызыгъаІуэ макъ гъэІукІэ лІэужьыгъуэу 23-рэ къахутащ. Макъ гъэІукІэ къэси мыхьэнэ щхьэхуэ иІэщ: зым псафэ кІуэну къыхуреджэ, адрейм хьэкІэкхъуэкІэ шынагъуэ гъунэгъу къазэрыхуэхъуамкІэ хъыбар и гъусэхэм ярегъащІэ, нэгъуэщІхэр.

КІэлъыкІуэу, пылхэм я бзэм яйм зыкІи къыкІэрыхуркъым, мынэхъ гъэщІэгъуэнмэ, дыгъужьхэмрэ кхъуэпІащэхэмрэ я «бзэри». Дыгъужьхэм я макъми гъэІукІэ зэмылІэужьыгъуэхэр яІэщ. «Я пэр дэгъэзеуэ ину къургъмэ, и гъусэхэм хъыбар иригъащІэ къызэхуэсыну, жэщ даущыншэм макъ илъэщІыкІакІэ щабэу зригъэшэщІмэ, и зэш тригъэу щІыкІэу аращ», - жиІэу щытащ си адэм.

Еджагъэшхуэхэм къызэрахутамкІэ, номинхэри бзэкІэ хуэщІащ - абыхэм иризэгурыІуэу макъ гъэІукІэ 55-рэ яІэщ. ЖыпІэнурамэ, псэ зыІут псоми езыхэм я бзэ яІэжщ, ауэ абыхэм куэдкІэ ящхьэщыкІащ цІыхур. Абы псалъэ мин бжыгъэхэр къигъэсэбэп къудейкъым, атІэ гупсысэкІи ещІэ, акъыли иІэщ.

Кънэмыщ Іауэ, джэдкъазми макъ гъэІукІэ гъэщІэгъуэн яІэщ. Я шхэгъуэр къэсамэ, шынагъуэ гуэр къащхьэщыхьамэ, я макъым ину зрагъэІэт.

ЦІыхухэм я гупсысэкІэкІэ зэрызэхъуажэ, зэрызэгурыІуэ Іэмэпсымэ гъуэзджэщ бзэр. ЦІыху къэс и гъащІэр куэдкІэ елъытащ и бзэмрэ гупсысэмрэ зэригъэлажьэм, псалъэр къызэрыгурыІуэм, абы пщІэ зэрыхуищІым. Псалъэм хузэфІэмыкІын щыІэкъым. Абы и лъэныкъуэкІи гъэщІэгъуэнщ пасэрей алыдж тхакІуэ цІэрыІуэ Эзоп теухууэ ди зэманым къэса хъыбарыр. Эзоп философ Ксанф и пщылІу щытащ. АтІэ, зэгуэрым Ксанф хьэщІэ гуп къригъэблагъэрти, Эзоп унафэ хуищІащ шхыныгъуэ нэхъыфІ дыдэ игъэхьэзырыну. Абы бзэгу зыкъом къищэхури, шхыныгъуэ зэмылІэужьыгъуищ игъэхьэзыращ. Іэнэр къыщиухуэм, Ксанф абы еупщІащ бзэгу фІэкІа щІахуимыхьым и щхьэусыгъуэмкІэ.

- Сыт щхьэкІэ? - жиІащ Эзоп, - уэратэкъэ нэхъ Іэфі дыдэр згъэхьэзырыну къыщежезыІар? Бзэгум нэхърэ нэхъ Іэфі мы дунейм тетын?! Бзэм и фІыщІэкІэ къалэхэр яухуэ, лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм заужь, щІэныгъэхэр ядж, цІыхухэр зэгуроІуэ. Абы къыхэкІыуи къэлъытэн хуейщ бзэм, ар къызыпыкІ бзэгум нэхърэ нэхъыфІ щымыІэу».

Эзоп и гупсысэкІэр Ксанф и хьэщІэхэм ягу ирихьащ. Тэлай дэкІауэ аргуэру хьэщІэ къыхуэкІуащ Ксанф. Эзоп унафэ хуищІащ шэджагъуашхэм ирихьэлІэу шхыныгъуэ нэхъ Іей дыдэу щыІэр игъэхьэзырыну. Эзоп аргуэру бзэгу къищэхури ипщэфІащ. Ар псоми гъэщІэгъуэн ящыхъуащ икІи Ксанф аргуэру щІэупщІащ Эзоп апхуэдэу щІищІамкІэ.

- Шхыныгъуэ нэхъ Іей дыдэр згъэхьэзырыну къызжепІатэкъэ? - жиІащ абы. - АтІэ бзэм нэхърэ нэхъ Іей сыт щыІэ? Ар къагъэсэбэпри, цІыхухэр зэфІонэ, зым адрейм и жагъуэ ещІ, пцІы яупс, зэхуопсалъэ, цІыхухэр бий зэхуещІ. Бзэм гуІэгъуи гузэвэгъуи къытхуехь, абыкІэ дащэ, дагъэпуд. ЩыІэнкІэ хъуну-тІэ бзэгум нэхърэ нэхъ Іей?

Эзоп и жэуапыр зэхуэсахэм ящыщ куэдым я гуапэ хъуакъым.

Урыс дзэзешэ цІэрыІуэ Суворовым теухуа хъыбарыр поджэж Эзоп ейм.

Суворовым къриджащ зэрыпсэлъэреймкІэ цІэрыІуэ хъууэ зы офицер. Офицерыр къызэрыщІыхьэу, бжэм Іункыбзэ иритащ Суворовым, икІи, зыгуэр иІуатэм хуэдэу щэху дыдэу къригъэжьащ, офицерым бий бзаджэ зэриІэр, ар абы лъэбакъуэ къэс зэран къызэрыхуэхъур.

Офицерым фельдмаршалым зи гугъу ищІыр къищІэн мурадкІэ, бийуэ къилъытэу хъуар кърибжэкІыу щІидзащ. Зыгуэрым и цІэ къриІуэху, Суворовым «аракъым», «аракъым» жиІэурэ и Іэр ищІырт. Офицерым и бийуэ къилъытэу хъуар кьебжэкІын щиухым, Суворовыр къэтэджри, лъапэпцІийуэ, лъэ макъыншэу бжэм, щхьэгъубжэхэм бгъэдыхьэурэ дэІуащ, къакІэщІэдэІухьІамэ къищІэн хуэдэу. ИтІанэ офицерым бгъэдыхьэри, зыхуигъэзащ:

- Сыгъэлъагъут уи бзэгур!

Офицерым нэхъыщхьэм и унафэр игъэзащІащ. Суворовым и Іэпэр офицерым хуишийри жиІащ:

- Мис мыращ уи бий бзаджэ дыдэр!

Аращи, бзэм куэд хуэзфІокІ. ЦІыхур сыт щыгъуи егупсысын хуейщ жиІэм, зыжриІэм. Упсэлъэн папщІэ угупсысэн хуейщ. Псалъэжьым зэрыжиІащи, «Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тІыс». Арыншамэ, псалъэр нэгъуэщІ мыхьэнэ къикІыу ІункІэ хъунущ е абы и мурадыр имыгъэзэщІауэ къэнэнущ.

Ущыпсалъэкіэ уи бзэм ухуэсакъын хуейщ. Псалъэ къыбжьэдэкІар укІэлъыпхъуэкІэ къыпхуэубыдыжынукъым!

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Іэпщэм щхьэр къыкІэрымыхуу

Кавказ хъыбархэм я нэхъ хэІущІыІур Дагъыстэным щыщ бэнэкІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ пелуан Махачев Ислъамику ит хьэлагъымкІэ къихьауэ щыта бгырыпхыр ЮФС-330 зэхьэзэхуэм зэрыщигъэпэжарщ.

ЗЭРЫФЩІЭЩІ, «Махуэкум» спорт темэр къыщыхэдгъэхьэр зи гугъу тщІыхэр абы и гъунэм икІа нэужьщ. Махачевми дытепсэлъыхьын гукъыдэж къыдэзытар ар шыщхьэуІум и 16-м Ирландием щыщ Гэрри Йэн зэрытекІуам и закъуэкъым. Нурмагомедов Абдулманап и спортсмен гъэсэкІэм пхыкІа дагъыстэн щІалэхэр апхуэдизкІэ екІуу дунейпсо спорт утыкум итщи, я гугъу пщІыну къалэжьым къыщымынэу, къыдэкІуэтей щІэблэм щапхъэу ебгъэлъагъунуи яхуэфащэщ.

Бэнэкіэ зэмылІэужьыгъуэхэр нобэрей щІалэгъуалэр дэзыхьэх спорт къудамэщ. Зыкъэдумысыпэмэ, узытхьэкъун теплъэгъуэу мащІэ дыдэщ абдежым щыплъагъур. Ауэ зэбэнхэм къадэщІхэм уащыхэплъэкІэ, лъэныкъуитІым я зыр ууейуэ къыпфІыщІокІ. Кавказым узэрыщыщым щхьэхуимыту уи лъахэгъум и лъэныкъуэр къыуегъащтэ.

Махачевымрэ Гэррирэ щызэпэщІэтар США-м хыхьэ Филадельфие къалэрщ. Жэпуэгъуэм илъэс 35-рэ хъуну лак щІалэм а бэнэгъуэм ирихьэлІэу бгырыпхитІ къихьэхуат. Илъэс 28-м ит ирланд щылъхум апхуэдэ зыри иджыри иІэтэкъым, ауэ ар Ислъам нэхърэ сантиметр 12-кІэ нэхъ лъагэт, къыдэщІхэм зэрыжаІэмкІи, зэрынэхъ иным Махачевым зыІэримыгъэхьэну лъэкІыныгъэ къритыну узыщигъэгугъырт.

ММА-м хэт, Америкэм щызауэ дагъыстэн бэнакІуэхэмрэ абыхэм къапэщІэувэ хамэ лъэпкъ щІалэхэмрэ я зэхуакум гуапагъэ щыболъагъу. Гэрри Йэн и къуэ цІыкІур Махачевым итхьэкъуауэ къызэрыщІэкІар зэкъым, тІэукъым операторхэм гъэщІэрэщІауэ къызэрагъэлъэгъуар. Илъэсипл Іі фІэкІа мыхъу сабийм апхуэдэ гулъытэр и адэм фІэкІа зыми къыбгъэдихыфынутэкъым. ЗэпэщІэтыныгъэр екІуэкІыху, Йэн мызэ-мытІэу Ислъам «къысхуэгъэгъу» псалъэхэмкІэ зыхуигъэзащ, и Іэр зытемыхуапхъэм зэрыфІэкІуам къыхэкІыу. Бэнэныгъэр иуха нэужь, езы Махачевым гушыІэу къыхигъэщащ: «Йэн нобэ пщІэ куэдыІуэ къыщысхуищІащ мы зэхэуэм».

Махачевыр ди щхьэусыгъуэу, нэхъыбэр дыкъизыгъэкІуэт щхьэхынагъым дытевгъэпсэлъыхь. Абдулманап щхьэмахуэм и жьэр зэщІихыху къыжьэдэкІыу щыта «дисциплина» псалъэм и адыгэбзэр къысхуэгъуэтакъым. Мыбдежым зи гугъу тщІыр псалъалъэм къыдит «жыІэдэІуагъ» мыхьэнэракъым, нэхъыщІэр нэхъыжьым и унафэм щІэзыгъэт Іэсагъыркъым икІи. Спортми, гъуазджэми, щэнхабзэми, хабзэ дыдэми зэчий гуэр зыбгъэдэлъ цІыхум зыхигъэзыхьыжурэ къехьэлъэкІ къалэн щегъэзащІэ. Спортсменыр и Іэпкълъэпкъым елІалІэмэ, уэрэджыІакІуэр и макъым йолэжь, тхакІуэр матхэ, къэфакІуэр, еша пэтми, къофэ, зи жеин къакІуэр къотэдж, сытми, Іуэху мыублэм хэс блэм йобгъэрыкІуэ. «Нэмэзыр жейм нэхърэ нэхъыфІщ» жиІэу, пщэдджыжь къэс къаджэ азэнри зытепсэлъыхыр «дисциплина»-м и зы Іыхьэщ. ЦІыхум зыхигъэзыхьыжын хьэл бгъэдэмылъмэ, псэущхьэ гъащІэ фІэкІа ирихьэкІыфынукъым, езым хуэдэхэм ялъэщІэмыхьэу, къыдалъхуа фІыри Іэщ Іэкіуэдэжынущ.

«Сэ илъэси 7 сыхъуу щІэздзащ тренировкэхэм, - игу къегъэкІыж Махачевым. - Дагъыстэным ар уи псэукІэм и зы Іыхьэ щохъу. Абы Хьэбибрэ и адэмрэ сащыхуэзащ, иджыпсту спортым щызигъусэ си къуэшхэри щызэзгъэцІыхуащ. ЩыщІэддзагъащІэм, дызыхуей дыхуэзауэ дыщыттэкъым дэ. Шхыныфі диІэтэкъым, машинэм е спортзалым нэху дыкъыщыщекІ къытхуихуэрт, итІани, дымыувыІэу зыдгъасэрт, тщІапхъэр тщІэрт, зы щхьэкІи ядэмыгъанэу. Апхуэдэурэ сыкъыдэкІуэтеящ, ауэ абы иджы срогушхуэ. Гугъуехьым уи гъащІэр пхъуэжьным утрегъэгушхуэ. Аращ нобэ къызэхъулІам сыщІынэсыфар».

«Сыт хуэдэ хъуэр нэхъ гуащІэ дыдэу Хьэбиб къуидзар?» - жаІэу щеупщІым, Ислъам куэдрэ гупсысакъым. «Зэгуэр зызгъэпсэхуу сыщысти, зыкъысхуигъазэри къызжиІащ: «Дауэ зэрызыбгъэпсэхунур, узыхэт лъэныкъуэм дуней псом ущымыпэрыту?»

Апхуэдэ Іуэху тегушхуэкІэ уиІэн папщІэ, гъэсэныгъэ къызэрымыкІуэ бгъуэтауэ щытын зэрыхуейм шэч хэлъ? Мы щІалэхэр адрейхэм зэратекІуэм и закъуэкъым пщІэ къыщІыхуащІыр. Иджы нэрылъагъу хъуащ Абдулманап езым и гугъуехьышхуэм нэмыщІ, Мэхъэчкъали, Дагъыстэнри, и унагъуэри, тренерхэри, и хьэлыр зэтезыгъэува спорт еджапІэри къыдэтщ. Дагъыстэным дежкІэ абы и текІуэныгъэм мыхьэнэ щхьэхуэ иІэщ. Дуней утыкум ихьэу, спортсменыр къыщалъхуа и лъахэм щытепсэлъыхьыкІэ, ар цІыху мелуанхэм къацІыху».

И къуэр лІы хьэл хуэчэму къызэрыдэкІуэтейм тегузэвыхь гуэр Махачевым къыщыхуэтхьэусыхэм, жриІауэ щытари дигу къэдвгъэгъэкІыж: «Дагъыстэным нэгъакІуи, илъэситІ-щыкІэ зыщыгъэгъупщэ».

ЩІыпІэ жыжьэ щыІэу цІэрыІуэ хъуам и пщІэр лъагэ щыхъур мис апхуэдэу и Хэкум кърит къарур и нэгум иралъагъуэмэщ. Сыт хуэдизу замыузэщІами, мы щІалэхэм зыми гурыщхъуэ

«Мэшыкъуэ-2026»

Шыщхьэуіум и 8-м къыщыщІэдзауэ 22 пщІондэ епщыкІубланэу екІуэкІащ «Мэшыкъуэ» урысейпсо щІалэгъуалэ зэхыхьэр. Абы мы гъэм зэхуишэсат цІыху 2200-рэ - егъэджакІуэ, гъэсакІуэ ныбжьыщІэхэр, «Пэрытхэм я зэщІэхъеенымгъэм» хэтхэр (зи ныбжьыр илъэс 14-м щегъэжьауэ 35-м нэсхэр).

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, мы гъэм зэхыхьэм хэтыну хуейуэ лъэІу тхылъ 9688-рэ къыдэгъэпэщакІуэхэм къаІэрыхьат. Абыхэм яхэтт Алжирымрэ (лъэІу 92-рэ), Пакистанымрэ (лъэІу 85-рэ) я деж щегъэжьауэ Индиемрэ Мароккэмрэ нэсу закъыхуэзыгъэзахэр. Урысей Федерацэм и закъуэ къапщтэмэ, щІыналъэ 88-м кърагъэхат я тхылъхэр. Нэхъыбэ дыдэр къыздикІауэ къагъэлъагъуэхэм ящыщщ Ставрополь щІыналъэр - лъэІу 872-рэ къабгъэдэкІащ; Краснодар крайм - 735-рэ; Москва - 428-рэ; Ростов щІыналъэм - 270-рэ; Башкортостан Республикэм - 260-рэ. Зэрыхабзэщи, «Мэшыкъуэм» щІалэгъуалэр щрагъаджэ, щагъасэ къудейкъым, абыхэм Іэмал яІэщ я жэрдэмхэри «Росмолодежь.Саугъэтхэр» зэхьэзэхуэм щыпхагъэкІыну. Абы ипкъ иткІэ зы цІыхум и лэжьыгъэр даІыгъыф сом зы мелуанрэ ныкъуэм нэскІэ.

Зэхыхьэм и къызэгъэпэщакІуэхэмрэ абы хэтхэмрэ къахуигъэхьа фІэхъус тхыгъэм УФ-м и Президент Путин Владимир къыщыхигъэщат «Мэшыкъуэм» гъуэгуанэшхуэ къызэрикІуар икІи и пщІэр куэдкІэ нэхъ ин зэрыхъуар: «Мы зэхыхьэм наІуэу дегъэлъагъу щІалэгъуалэр зэрызэкъуэтыр, зи Іуэху еплъыкІэр жыджэру, гумызагъэу къэзыгъэлъэгъуэф щІэблэ зэрыдиІэр. КъытщІэхъуэ щІэблэр гъэсэнымкІэ, егъэджэныгъэм епха къалэнхэр зэфІэхынымкІэ, жылагъуэм лъэпкъ зэгурыІуэныгъэр щыгъэбыдэнымкІэ мыхьэнэшхуэ зыгъэзащІэ зэхыхьэу ар къызолъытэ».

Форумыр мы гъэм траухуат ар илъэс 17 хъуауэ зэрекІуэкІым и тхыдэмрэ 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрыщытымрэ. Іуэхур щекІуэкІ щІыпІэм дэнэ дежи щыгъэуват щІэблэхэм я зэпыщІэныгъэмрэ егъэджакІуэ ІэщІагъэмрэ теухуа, ди къэралым ис лъэпкъхэм я гъащІэр къэзыгъэлъагъуэ хъыбархэр зытет дапхъэхэр. Мыгъэрей зэхыхьэр егъэджэныгъэ Іуэхухэм зэрытраухуар къалъытэри, щІалэгъуалэм Іэмал иратащ я япэ егъэджакІуэм е гъэсакІуэм псалъэ гуапэхэр письмокІэ хуагъэхьыну.

«ЩІэныгъэм и мэз» зыфІащa арт-объектым гъэсэныгъэмрэ егъэджакІуэ ІэщІагъэмрэ я купщІэм теухуауэ уахътышэ хъу